



Administrasyon pou Sèvis Timoun ak Fanmi

Biwo pou Reyenstalasyon Refijye

Aplikasyon pou Regwouzman Fanmi

Fason pou ranpli aplikasyon sa a

ENPÒTAN: Si ou pa ka fini etap sa yo nan sèt (7) jou oplita, tanpri enfòme Responsab Ka ou an. Anplis, nan sèten ka yon Responsab Ka gendwa ede ou (oswa gendwa te deja ede ou) pou ranpli aplikasyon sa a.

Etap 1

Si ou poko fè sa, ou dwe imedyatman siyen epi retounen fòm **Otorizasyon pou Divilgasyon Enfòmasyon** an ak yon kopi ID avèk foto gouvènman an bay ba Responsab Ka ou an.

Si ou oblige soumèt anprent dwèt, Responsab Ka ou an ap ede ou pran yon randevou pou soumèt anprent ou yo. Kontakte Responsab Ka ou an si ou gen kesyon.

Etap 2

Li **Manyèl Esponnsò, Akò Swen Esponnsò, ak Avi sou Konfidansyalite a**, ki gen nan yo lòt enfòmasyon enpòtan ou dwe konnen sou parenaj yon timoun nan pwogram nou an.

Etap 3

Ranpli epi siyen **Aplikasyon pou Regwouzman Fanmi** an (paj 3-7 nan pakè sa a).

Etap 4

Rasanble dokiman obligatwa yo ki endike nan seksyon **Dokiman Sipò yo** (paj 8-10 nan pakè sa a).

Etap 5

Soumèt **Aplikasyon pou Regwouzman Fanmi** an (aplikasyon sa a) ak dokiman sipò obligatwa yo bay Responsab Ka ou an.

LWA 1995 POU DIMINYE DOKIMAN (Piblikasyon. L. 104-13) Yo kalkile apeprè fado rapò pou publik la pou kòlèk enfòmasyon sa yo se an mwayè 1.0 èdтан pa repons, sa gen ladan tan pou egzamine esplikasyon yo, rasanble ak jere done ki nesesè yo, epi revize kòlèk enfòmasyon yo. Yon ajans pa ka fè oswa patwone, epi yon moun pa oblige reponn a yon kòlèk enfòmasyon sòf si li gen yon nimewo kontwòl OMB ki valab nan moman an. Tanpri gade avi sou konfidansyalite / deklarasyon Lwa sou pwoteksyon enfòmasyon prive ki akonpaye a pou jwenn yon diskisyon sou (1) otorite pou demann enfòmasyon an, epi si divilgasyon an obligatwa oswa volontè, (2) rezon prensipal pou itilizasyon enfòmasyon an, (3) lòt itilizasyon woutin ki ka fèt ak enfòmasyon yo, epi (4) si genyen, efè lè ou pa bay tout oswa yon pati nan enfòmasyon yo mande yo. Si ou gen nenpòt kòmantè sou kòlèk enfòmasyon sa yo, tanpri kontakte UCPolicy@acf.hhs.gov.

Kesyon Moun Poze Souvan

Èske mwen ka parennen timoun mwen si m pa gen papye?

Wi. ORR prefere libere yon timoun bay yon paran oswa yon gadyen legal, kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon ou. ORR se pa yon ajans aplikasyon lwa sou imigrasyon.

Èske gen yon pri pou parennen yon timoun?

Non. Pa gen okenn frè pou ranpli kondisyon yo pou parennen yon timoun, sepandan ou gendwa responsab frè ki asosye ak vwayaj ak eskòt timoun lan. Si yo mande ou frè anrapò ak liberasyon yon timoun, ou ka vize nan yon posiblite konfyolo fwòd epi ou dwe rapòte pwoblèm lan bay fòsdelòd yo; tanpri gade dokiman Avètisman pou Fwòd la pou plis enfòmasyon.

Èske m bezwen yon avoka pou parennen yon timoun?

Non. Ou pa bezwen yon avoka pou ou ranpli kondisyon ki nesesè pou parennen yon timoun. Si ou bezwen èd pou ranpli egzijans yo, Responsab Ka ou an ka ede ou. Si ou chèche èd anplis, konnen pa gen okenn frè pou ranpli kondisyon ki nesesè pou parennen yon timoun.

Poukisa m oblige soumèt anprent dwèt mwen yo?

ORR egzije pou fè verifikasiyon vi pase pou asire sekirite timoun lan. Si ou oblige soumèt anprent dwèt, Responsab Ka ou an ap ede ou pran yon randevou pou soumèt anprent ou yo. Kontakte Responsab Ka ou an si ou gen kesyon.

Ki enfòmasyon mwen dwe bay?

Ou dwe ranpli Aplikasyon pou Regwouupman Fanmi an ak dokiman sipò yo. Ou dwe reponn kesyon Responsab Ka ou an tou konsènan fanmi ou, relasyon ou ak timoun lan, ak kapasite ou pou pran swen byennèt fizik ak mantal timoun lan. Ou dwe bay prèv idantite ou.

Kilè mwen dwe bay Responsab Ka mwen an dokiman sa yo?

Ou dwe soumèt tout enfòmasyon ki nesesè yo nan sèt (7) jou oplita oswa pi bonè, si sa posib. Plis ou soumèt tout dokiman ki nesesè yo bonè, ORR pral pran yon desizyon pou libere timoun lan sou lagad ou pi bonè. ORR pral enfòme ou rapidman sou yon desizyon sou liberasyon timoun lan sou lagad ou oswa l ap fè ou konnen si yo bezwen enfòmasyon oswa evalyasyon anplis.

Ou Bezwèn Èd? Kontakte Responsab Ka ou an.

Konsènan ou - esponnsò a - ak timoun lan (timoun yo)

1) Non (yo) pou timoun lan (timoun yo)

Site non tout timoun yo w ap aplike pou parennen yo

2) Relasyon ou avèk timoun lan (timoun yo) pa egzanp, manman, tonton, zanmi fanmi

3) Non Ou

--

4) Lòt non ou te itilize

Site lòt non ou te itilize, tankou non ou anvan ou te marye oswa siyati bò kote manman (separe yo avèk vigil)

--

5) Peyi kote ou sòti

Kikote ou te fêt

--

6) Dat nesans ou

mwa/jou/ane
(pa egzanp,
12/31/1979)

--

7) Nimewo telefòn yo

pa egzanp, 210-555-1234

Telefòn Prensipal

Ou Bezwèn Èd? Kontakte Responsab Ka ou an.

Aplikasyon pou Regwoupman Fanmi

Biwo pou Reyenstalasyon Refijye

Dezyèm Telefòn

8) Adrès imèl ou oswa nimewo faks ou

9) Lang (yo) ou pale

Ou Bezwen Èd? Kontakte Responsab Ka ou an.

Aplikasyon pou Regwoupman Fanmi

Biwo pou Reyenstalasyon Refijye

Kikote oumenm ak timoun lan (timoun yo) pral abite?

10) Adrès

Adrès Ri
(+ nimewo apatman, si sa aplikab)

For more information about the study, please contact the study team at 1-800-258-4929 or visit www.cancer.gov.

Vil

For more information about the study, please contact the study team at 1-800-258-4929 or visit www.cancer.gov.

Eta

Zipkòd

1

11) Kimoun ki abite kounye a nan adrès sa a?

Ou Bezwen Èd? Kontakte Responsah Ka ou an.

Granmoun ki pral pran swen timoun lan (timoun yo) si Ou Pa Kapab

Si ou vin pa kapab pral pran swen timoun lan (timoun yo), kiyès ki pral pran swen timoun lan (timoun yo)?

12a) Non granmoun ki posib responsab swen

12b) Dat nesans granmoun ki posib responsab swen

12c) Enfòmasyon pou kontakte granmoun ki posib responsab swen

Nimewo Telefòn

Adrès Ri

(+ nimewo apatman, si sa aplikab)

Vil

Eta

Zipkòd

12d) Ki relasyon yo genyen avèk timoun lan (timoun yo)?

(granparan, matant, frè/sè ki gen plis pase 18 lane,
elatriye)

12e) Ki relasyon yo genyen ak ou, esponnsò a?

12f) Kòman yo pral okipe timoun lan (timoun yo) si ou vin pa kapab pran swen yo?

Ou Bezwèn Èd? Kontakte Responsab Ka ou an.

Enfòmasyon Finansye

13) Kòman ou pral soutni timoun lan (timoun yo) finansyèman?

Mete tout sous ak tout montan revni ou (pa egzanp, montan ou touche chak semèn) epi eksplike nenpòt sipò finansye lòt moun k ap ede soutni timoun lan (timoun yo) finansyèman.

Enfòmasyon sou Sante

14a) Èske nenpòt moun nan fwaye ou gen nenpòt maladi kontajye grav (TB, SIDA, epatit, elatriye)?

Si se wi, tanpri eksplike:

14b) Èske ou konnen nenpòt pwoblèm sante timoun lan (timoun yo) ka genyen (enfimite, alèji, maladi, elatriye)? Si se wi, tanpri eksplike:

Ou Bezwèn Èd? Kontakte Responsab Ka ou an.

Istwa Kriminèl

Si ou reponn "WI" pou youn nan kesyon sa yo, ou pral gen pou ou bay plis enfòmasyon. Gade paj Dokiman Sipò yo (paj 9 nan pakè sa a) pou plis enfòmasyon.

15a) Èske oumenm oswa nenpòt moun nan fwaye ou te akize oswa kondane deja pou yon krim (ki pa yon vyolasyon trafik minè; pa egzanp, vitès, tikè pakin, elatriye)?

Wi Non

15b) Èske yo te fè ankèt deja sou ou oswa nenpòt moun nan fwaye ou pou abi fizik, abi seksyèl, neglijans, oswa abandon yon timoun?

Wi Non

Siyen ak Date Aplikasyon Ou An

Mwen deklare ak afime ak posiblite sanksyon pou fo temwayaj ke enfòmasyon ki nan aplikasyon sa a se verite epi yo egzat dapre tout sa mwen konnen.

Mwen sètifye ke tout dokiman m ap soumèt oswa kopi dokiman sa yo pa gen erè ni fwòd. Anplis,

mwen sètifye mwen pral respekte machaswiv pou swen ki nan Akò Swen Esponnsò a.

Mwen pral siveye byennèt fizik ak mantal timoun lan (timoun yo). Mwen pral respekte tou lwa Eta mwen an konsènan swen timoun sa a, ki gen ladan:

- Enskri timoun lan (timoun yo) nan lekòl;
- Bay swen medikal lè sa nesesè;
- Pwoteje timoun lan (timoun yo) kont abi, neglijans, ak abandon; epi
- Nenpòt lòt egzijans ki pa nan dokiman sa.

SIYATI OU

DAT

Ou Bezwèn Èd? Kontakte Responsab Ka ou an.

Dokiman Sipò yo

Tanpri bay kopi dokiman annapre la yo. Si ou pa kapab bay dokiman nou mande yo, tanpri eksplike poukisa. Nou ka rejte aplikasyon ou an si nenpòt nan enfòmasyon yo mande yo manke, yo enkonplè, oswa yo pa egzat.

1) Prèv Idantite Timoun lan

Yon kopi batistè timoun lan

2) Prèv idantite pou oumenm epi, si sa aplikab, nenpòt moun nan fwaye a

Yon kopi ID gouvènman an bay. Ou ka prezante yon sèl seleksyon nan Lis A oswa de seleksyon oswa plis nan Lis B. Si ou prezante seleksyon nan Lis B, omwen yon seleksyon dwe genyen yon foto. Dokiman ki ekspire yo akseptab.

Lis A
Paspò Ameriken oswa Kat Paspò Ameriken
Paspò Etranje ki gen yon foto
Kat Rezidan Pèmanan oswa yon Kat Resepsyon Anrejistrem Etranje (Fòm I-551)
Dokiman Otorizasyon Travay ki gen yon foto (Fòm I-766)
Lisans Chofè Oswa Kat Idantifikasyon Ameriken

Lis B
Sètfika Natirализasyon Ameriken
Kat Idantifikasyon Militè Etazini
Batistè
Sètfika maryaj
Òdonans tribinal pou chanje non
Kat idantifikasyon nasyonal etranje
Resi pou renouvèlman paspò konsila ki gen yon foto ladann
Kat idantifikasyon konsila Meksiken
Lisans chofè etranje ki gen yon foto
Kat enskripsyon elektè etranje ki gen yon foto
Kat pasaj fwontyè kanadyen ki gen yon foto
Kat pasaj fwontyè meksiken ki gen yon foto ak fòm I-94 ki valab
Dokiman vwayaj refijye ki gen yon foto
Lòt dokiman gouvènman sanblab (gen ladan fòm Verifikasiyon Liberasyon ORR avèk yon foto pou moun ki gen mwens ke 21 lane)

Ou Bezwén Èd? Kontakte Responsab Ka ou an.

3) Dosye Legal (si sa aplikab)

Si ou te reponn "WI" swa pou kesyon 15(a) oswa 15(b) nan fòm sa a, tanpri ban nou enfòmasyon annapre la yo pou chak akizasyon/kondanasyon:

- Non moun ki konsène a
- Plas ak dat ensidan an
- Eksplikasyon sou ensidan an
- Dispozisyon ensidan an (pa egzanp, akizasyon yo abandone, amann, prizon, pwobasyon)
- Kopi dosye tribinal(yo), dosye lapolis(yo), ak/oswa dosye ajans sèvis sosyal gouvènmantal(yo) ki gen rapò ak ensidan an (yo)

4) Prèv Adrès

Yon kopi omwen yon fòm dokiman ki verifye adrès ou abite kounye a. Fòm dokiman ki akseptab yo gen ladan:

- Kontra lwave aktyèl ou avèk non ou
- Deklarasyon ipotèk aktyèl ou avèk non ou, ki gen dat nan de dènye mwa yo
- Relve bank ou ki gen dat nan de dènye mwa yo
- Yon souch chèk pewòl ofisyèl travay ou te bay, ki gen dat nan de dènye mwa yo
- ID Eta ki valab ki pa ekspire avèk foto ou ak adrès aktyèl ou
- Kourye, de preferans yon bòdwo sèvis publik oswa yon relve asirans, ki adrese ba ou nan adrès aktyèl ou, ki gen dat nan de dènye mwa yo
- Yon lèt notarye pwopriyetè ou an ki konfime adrès ou epi ki gen non ou, dat ou te vin abite, kantite chanmakouche yo, ak dat ekspirasyon kontra lwave a
- Lòt dokiman sanblab ki endike yon fason fyab ke ou abite nan adrès aktyèl ou an, ki gen dat nan de dènye mwa yo

Si ou pa kapab bay dokiman sa yo, tanpri kontakte responsab ka ou an.

5) Prèv Relasyon

Kopi dokiman pou bay prèv yon relasyon ant oumenm ak timoun lan. Dokiman ki ekspire yo akseptab.

Relasyon ou avèk Timoun lan	Dokiman ki Akseptab yo
Paran	<ul style="list-style-type: none">• Batistè yo• Dosye tribinal• ID paran an gouvènman bay ki gen foto

Ou Bezwèn Èd? Kontakte Responsab Ka ou an.

Aplikasyon pou Regwooupman Fanmi
Biwo pou Reyenstalasyon Refijye

Boparan Ou te adopte timoun lan legalman	<ul style="list-style-type: none"> • Batistè yo • ID paran an gouvènman bay ki gen foto • ID Boparan an gouvènman bay ki gen foto • Sètifikasi maryaj • Dokiman òdonans tribunal ki konfime adopsyon oswa lagad legal yo te etabli
Gadyen Legal	<ul style="list-style-type: none"> • Dokiman òdonans tribunal ki konfime adopsyon oswa lagad legal yo te etabli • Batistè yo • ID gadyen legal gouvènman bay ki gen foto • Dosye gadyen legal yo • Sètifikasi Desè yo • Dosye lopital
Manm Fanmi	<p>Tout manm fanmi yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Batistè yo • Tras sètifikasi nesans ak/oswa sètifikasi desè ki montre ke oumenm ak timoun lan gen relasyon • Sètifikasi maryaj yo • Dosye lopital • Dosye tribunal • Sètifikasi batèm <p>Manm fanmi pwòch, tankou yon matant, tonton, oswa kouzen/kouzin jèmen, ki se oswa ki te responsab swen prensipal timoun lan (dokiman sa yo pa obligatwa si ou se granparan timoun lan, frè/sè, demi-frè/sè oswa frè/sè pa maryaj legal):</p> <ul style="list-style-type: none"> • Dosye gadyen legal yo • Lòt dokiman sanblab ki soti nan yon Eta oswa yon gouvènman etranje • Yon afidavit ou bay (responsab ka ou an pral fè entèvyou avèk ou ak timoun lan ak lòt manm fanmi an pou konfime afidavit la)
Ou pa gen relasyon ak timoun lan	<ul style="list-style-type: none"> • Tanpri kontakte Responsab Ka ou an

Ou Bezwèn Èd? Kontakte Responsab Ka ou an.